ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪ УЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЫДОКI

№159 (21.067) ● 2007 гъэм шыщхьэIум (августым) и 16, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●КъБР-м и Президентым и фонд

Къанокъуэ Арсен езым и ахъшэкIэ ядоIэпыкъуэ

Япэмэи хуэдэуэ, КъБР-м и Президентыр республикэм щыщ цыху нэхъ хуэмыщIахэм езым и фондым кьыхэкIыу ядоIэпыкъуэ. Абы и гулъытэр ялъос гугъуехь хэхуа куэдым.

АПХУЭДЭУ Тэрч, Лэскэн районхэм щыщ цIыхубзхэу щхьэгъуэз эщщхьэщымытхэм ящыщу тIум псэупIэ къащхэун папщIэ дэтхэнэми сом минищэ иратащ. ЦIыхубзитIым языхэзым сабиипIи и гъусэу илъэсым щIигъуауэ щыпсэу пэшыр уэрамхэм трагъэувэ кноскым хуэдизкIуэу аращ. Иджы абы Арщыдан къуажэм унэ кьыщыгъэху. Сабиищ зиIэ етIуанэ цIыхубзри езым и унэм щIэтIысхьэжьынущ, Красноармейскэ къуажэм ащыгъэрэ щIыбгъэ фэтэрыр итыжьынурэ.

Нэгъэущ цIыхуипщIым Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр дагъэкIын папщIэ дэтхэнэми сом мин пщыкIутхум кьыщыщIэдзауэ сом мин щэ ныкъуэм нэс ираташ. Псалъэм папщIэ, Булунгу къуажэм щыщ Каракизовэ Софият и унэ ныкъуэкъутэр зэригъэпэщыжыну Iэмал игъэтащ. Республикэм и Iэтащхьэм езым и ахъшэкIэ кьыдзэригъэпэща фондым щыщу сом мин 40 хуэхахащ Щхьэлыкъуэ щыщ Жэмбэч Маритэ. А ахъшэр текIуэдэнущ Маритэ и куэд, илъэсибл зи ныбжь Алан дохутыр хэр кьегъэIэзэным.

- Сэ фIыщIэ ин хуэщI КъБР-м и Президентым зэрызыкъытщIигъэкъуэм папщIэ, - жиIащ Маритэ. - Дэ Алан Москва кьалэм щэнейрэ тIащащ. Абы икъукIэ ахъшэщхуэ токIуадэ. НэгъуэщI хэкIыпIэ дымыгъуэтыжу, банким кредит къеIытхын хуей хъуащ. Иджы ди Президентым зэрызыкьытщIигъэкъуэм и фIыщIэкIэ тIэкIу дыдэтеувэжу хуежьащ.

МылъкукIэ цIыхухэм зэрадэIэпыкъум кьыдэIуэу, фондым щыщ ахъшэ иратэ спортым, гъуазджэм хэ тхэр зыпэрыт IэнатIэхэм трагъэгушхуэн папщIэ. Президентым и мылъкум кьыхэкIыу хухаха ахъшэмкIэ Налшык щыщ Мэз Каринэ Тянь-Шань къуршым и щыгухэм ящыщ зым дэкIынущ. Про хладнэм щыпсэу IутI Юрэ а кьалэм музыкэмкIэ студиэ кьыщыгъэIунхьынущ.

Иджыблагъэ компьютерхэр кьаIэрыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыхуищым. Ахэр Къэщкъэтау щалъхуа, КъБКъУ-м микроэлектроникэмкIэ и факультетым щеджэ Ульбашев Асльэн, Бахьсэн щыщ школакIуэ Нуан Азэмэт, Нащыж щыпсэу Бындыжь Софият сымэщ. Софият ирата компьютерыр кьыхэзыхащэ хуар абы и щIалэ, щIагъуэу зэхэзымых Рустамщ.

Мазэ кьэс Президентым и фондым щыщу сом мелуаным нэблагъэ апхуэдэ щыкIэм тету ягуэш. А ахъшэр яIэрохьэ икIэщIыпIэкIэ зыдэIэпыкъун хуейхэм, апхуэдэ гулъытэ хуэныкъуэу республикэм исхэм.

МЕЧИЕВ Асхат,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм и лэжьакIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур щагъэлъэпIэну махуэшхуэм республикэм жыдджэру зыхуегъэхьэзыр. ЗэфIэгъэувэжьыныгъэ, зэгъэпэщыжьыныгъэ дэжьыгъэхэр Налшык кьалэ и щыпIэ куэдым щокIуэкI. Абыхэм ящыщщ республикэр Урысей щIэрэщIэж. ЛэжьакIуэхэм щэч къэралыгъуэм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам и щIэкIэ щыIэ утыр.

Япэ щIыкIэ Марие (Гуащэнэ) и фэедпIэ сыныр зыхуей хуагъэзащ. Мы зэманым утым пЛиткэ-лъэгъуа пIалъэм, фокIадэм и 1-м, ирихьэлIэу утыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзауэ зэрыIуущIэнум.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЕджэмкІи езыгъаджэмкІи тыншыпIэ

БАХЬСЭН КУЕЙМ хыхьэ Къубэ-Тэбэ къуажэм мы зэманым къатитIу зэтету дащIыхь школыщIэр Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 450-рэ щрикъум ирихьэлIэу зэраухьнымрэ йоужьэрэкI. ЕджапIэм и архитектурэ зэхэлъыкIэкIэ адрейхэм къащхьэщокI. Мыр зыхуэ «Региондорсервис» ухуащIу IэнатIэм и унафэщI Щомахуэ Эдуард зэрыжиIэмкIэ, гъэ еджэгъуэщIэм зэфIагъэкIыну я мурад ухуэныгъэм жэщ-махуэ ямыIэу зэратщ лэжьакIуэ 120-рэ. Ухуэныгъэр здекIуэкIым дизайн лэжьыгъэм зыбжанэрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ «Къэббалъкъраждаппроект» Iуэхущапэм и инженер нэхъыщхьэ Щэрмэт Владимир. ЗэрыжаIэмкIэ, школым и IуэцIым къыщыщIэдзауэ ар кьызэрахъхьынум щыщIэкIыжу дахэу, быдэу, нэрзэмыса щIэщыгъуагъэ хэлъу щытынущ.

ЗэманкIэ дызэIэбэкIыжмэ, Къубэ-Тэбэ мэкъумэш предприятэм и унэм сменитIу зэбгъэкIыу щеджэу щыта сабийхэр фокIадэм щIэтIысхьэжьынущ ди республикэм и ухуэныгъэ нэхъ дахэхэм ящыщ еджапIэм.

ЛЬОСТЭН Муэ.
Бахьсэн район.



Къэрал гулъытэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм дызэрыт лъэсым кьрибудыду федерал бюджетым кьыхэкIыу сом мелуан 80-м щIигъу кьыхэуатIыгъ-пщын хуейщ. Iэш лъэпкъыбзэ гъэхъуным, щыгъэпщэрхэр кьэщэхуным трагъэкIуадэн папщIэ.***

АДЫГЕЙМ и президентым и пресс-Iуэхущапи1эм кьызэритамкIэ, а ахъшэмкIэ мэкъумэш IэнатIэм щылажьэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм псэупIэхэр кьыхуащэхунущ.

Федерал центрым нэмыщI, республикэ бюджетми мэкъумэшыщIэхэм сом мелуан 18-м щIигъу щыхуахащ. Ар фермерхэм къэрал дзэпэщыныгъэ субсидие папщIэу ратынущ, Iэщ лъэпкъыфIхэр кьращэхун хуэдэу.

Республикэм и премьер-министр Саможенков Владимир зэрыжиIамкIэ, щыпIэ правительствэм мэкъумэш IэнатIэм и нэIэ тригъэт зэпытщ. Кьыхэдгъэщынщ, Адыгейм и мэкъумэшыщIэхэм кьыщагъэжIа продукцэм и ку эдагъымкIэ Урысей Ипщэм иджыпсту щыетIуанэщ. Псори зэхэту ар сом мелард 1,5-рэ и уасэ мэхъу. Нэгъабэрей бжыгъэм нэхъ ер процент 12-кIэ нэхьыбэщ.

Къэрал гулъытэ

АБХАЗ. ***Республикэм и вице-премьер Александр Странчкини зи пашэ гуп мы махуэхэм Волгоград областым щохьэщIэ. Абы и гъусэщ Абхазым экономикэмкIэ и министр Озган Кристинэ щыналъэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и къэрал комитетым и тхьэмадэ Лакербай Тенджиз, Абхазым и лIыкIуэ Урысей Федерацэм щыIэ Барини Олег сымэ.***

АБХЪАЗЫМ и лIыкIуэхэр Волгоград областым махуэплIкIэ щыIэнущ. Абы кьриубыдэу ахэр яIущIэнущ област тым и губернатор Максютэ Николай, абы и кьуэдзэ Алферов Лев, щыналъэм и сату-промышленнэ палатэм и тхьэмадэ Белицкий Александр, спортымрэ физкультурэмкIэ щыIэпIэ къэрал комитетым и унафэщI Козлов Игорь сымэ, нэгъэущIэхэми.

Алхуэдэуи хьэщIэхэр кIуэнущ Волжск кьалэм икIи ахэр IущIэнущ абы и Iэтащхьэ Воронин Игорь.

Зэрызэпсэльа Iэхэугъуэхэм теухуауэ льэныкъуэнтIми зэгурыIуэныгъэ зэращIылащ.

ХЬЩIЫКЪУЕЙ Олег.

●Мэкъумэш IэнатIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш лизингов компаниием и щIэкIэ Налшык кьыхуатIыщащ мэкъумэш техникэщIэхэр.

Техникэр - лизингкIэ

«Къэббалъкъмэкъумэшлизинг» зэгухьэныгъэм и генеральнэ унафэщI IутIыж Арсен зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш лэжьакIуэхэм ядэIэпыкъуныкIэ «Урысеймэкъумэшщизинг» ОАО-мрэ «Къэббалъкъмэкъумэшлизинг» компаниемрэ зэгъэсэу ягъэхьэзыра инвестицIэ проектым ипкъ иту республикэм кьыЗэрыхьащ гъавэр зэрыIуахьж, щIым щIыгъэшIэрэр зэрыхалъхьэ иджырей мэкъумэш техникэ эхпIлыхьахэр. Куэд мыщIэу абыхэм кьакIэлыкIуэнущ комбайн, трактор, щIыр кьыхэзрагъэбатэ машинэхэр. Республикэм кьыхэхкIуа техникэр Аруан къуажэм пэмыжыжьэу щыIэ щIыналъэ мэкъумэш манежым ирашэлIащ. Манежым лизингыр къеIыхьахэм папщIэ щыпIэжьэнущ сервис центр, Мыбдеж дыдэм кьыщыхэIуахащ зи гугъу тщIа техникэхэм япкърыIъ пкъыгъуэхэр щащэну сату щIапIэ. Мылъку зыбгъэдэль дтхэнэ зы мэкъумэшыщIэми Iэмал иратынущ зыхуеину техникэр лизингкIэ кьыIихыну е кьищэхуну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ лизинг манежыр кьызэIуахынущ республикэм и махэшхэм ирихьэлIэу.

ДЫГЪУЖЬОКЪУЭ Андемыр.

Къуажэхэр къыщыунэхуар ягъэнаIуэ

●Тэрч куей

ТЭРЧ КУЕЙМ хиубыдэ жылагъуэхэм я кьуажэцIэхэр зытетха пхъэбгъуэхэр зэрахъуэкIынущ. Апхуэдэ унафэр кьихильхьащ район администрацIэм. Къуажэ дыхьэпIэхэм щагъэувыну пхъэбгъуэхэм, жылэм и цIэм кьыдэкIуэу, тетыпнущ ар щыIтIыса гъэр, тхыдэм кьыхина, гулъытэ зыгъэутIипхъэ Iуэхугъуэхэмрэ ахэр щекIуэкIа гъэхэмрэ. Апхуэдэу гъуэгу дамыгъэхэри щIэкIэ яхъуэжынущ.

Лэжьыгъэр узыщыгуфIыкIынущ. Ауэ сыту фIыт абыкIэ нэгъуэщI зы гукъеуи зэрагъэзэхуэжамэ, Зи гугъу сщIыр адыгэ жыгъэжьэм я цIэр етыжьин зэрыхуейрац. Ар тхыдэм дежкIи захуагъэт, адыгэбзэми кьыхэпIикIынтэкым Новэ Хьэмидей жыIэкIэм хуэдэхэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

●Щэнхабзэ

"Шэджэм псыкъелъэхэр"

Тыркум щыхьэщIащ. Мы гъэм а ансамблыр кьыззэрызэрагъэпэщрэ ильэс 39-рэ ирокIу. А зэманым кьриу - быдэу гупым дапшэрэ концерт итами кьэбжыгъуейщ. Езы артистхэми фIыуэ кьыззэралъагъур гурэ псэкIэ зыхащIэ у, кьеплъ хэр нэхъри кьыззрыдахьэхыным яужь итахэщ.

СЫТ ХУЭДЭ гуфIэгъуэ зэхьихьэ районымрэ республикэмрэ щемыкIуэкIми мы ансамблыр хэтщ.

«Шэджэм псыкъелъэхэр» зэпеуэхэм, фестивалхэм куэдрэ лауреат щыхъуащ. Апхуэдэу ансамблыр щыIащ Тыркум щекIуэкIа «Адыгэ фестивалым». Кьыззэхуэсахэм апхуэдизкIэ концертыр ягу ирихьати, Iэгъауэр зэпымыуэкт.

Ансамблым Тыркэм и кьалэ зыбжанэм, адыгэ нэхьыбэ зыдэсхэм, зыкьыщигъэлъэгъуащ, Iэгъауэшхуэ хуаIэту жаIа уэрэдым кьытрагъэзэжьыну кьелъэIуу.

«Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым нэмыщI фестивалым щыIахэщ Осетие Ищхьэрэ-Алание, Абхъаз, Аджарие, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн республикэхэм я уэрэджыIакIуэ гупхэр.

Яловэ кьалэм ди щIалэхэр иригъэблагъащ кьалэм и Iэтащхьэм. Абы ансамблым и унафэщI Долэт Заудин щIыхь тхылъ кьритащ.

«Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблыр щыIэн, лэжьэн папщIэ абыхэм ядэIэпыкъун, хуейщи, мы щIалэхэм закьыщIэзыгъакьуэ хьэрыщэ тыщIэхэмрэ кьулыкъущIэхэмрэ районым и машIэкьалъ. Ар, дауи, гуапэщ.

1968 гъэм мы ансамблыр Шэджэм щэнхабзэмкIэ унэм кьыщыззэрагъэпэщауэ щытащ. 1977 гъэм ансамблым кьыфIащащ «цIыхубз» цIэ лъапIэр.

ТОХЪУТЭМЫЩЛанэ.
Шэджэм къалэ.

Бзаджэнаджэхэр увыIэркъым

Бэлыхьышхуэм хэт Иракым аргуэру щалэжьащ щIэпхъаджагъэ хьэлъэ.

Къэралым и ищхьэрэ лъэныкъуэм зэуэ къыщагъэуа лагъымхэм щIыхуи 175-м я гъащIэр ихьащ, щIыхуи 400-м нэблагъэм фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр ягъуэтащ. ЗэкIэ щIэпхъаджагъэ хьэлъэр зылъэжьар ящIэркъым, «Аль-Кайда» террорист зэгухьэныгъэм хуагъэфащуу фIэкIа.

УIэгъэ хьуэхэм ядоIэпыкъу. АрщхьэкIэ дохутырхэм хуабжьу къомэщIэкI хущхьэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ.

Шынагъуэншагъэр ягъэлъэщ

Октябрь гъэщI гъуэгур зэфIагъэувыжащ. ПЛжы абы лъэныкъуитIымкIи хуиту мафIэгъуэр щызокIуэ.

Фигу къэдгъэкIыжьинщи, мыбы террорист щIэпхъаджагъэ щалэжьауэ щытащ щыщхьэIум и 13-м. Лагъым IэрыщIым вагон 12 щхьэпрйдзат. ЦIыху 50-м щIигъум фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр ягъуэтащ абы щыгъуэм.

«Урысейм и гъущI гъуэгухэр» компаниемрэ унафэщI Якунин Владимир зэрыжиIамкIэ, мы зэманым куэд ядэжь сакъыныгъэм хуэунэтIауэ. Ауэ ар Iуэху тыншкъым. ФIы зигу имылъхэм гъущI гъуэгум и лэжьыгъэ къызэнаудын папщIэ Iмал зэмылIэужьыгъуэхэр кьагъэсэбэп: зыгурэхэр тральхьэ, рельсхэр зэпагъэкIуэт... Апхуэдэ бзаджэнаджагъэу 2007 гъэм 812-рэ кьэхьуагъэхэщ.

Новгород областым и деж Москва - Петербург мафIэгум исахэу фэбжь зыгъэтахэм дэтхэнэмэи хуэзэу сом мин пщыкIутI иратынущ.

Къэрал гулъытэ

Корее Ищхьэрэм и щыпIэ куэдым псы кьыщиудам и гъаникIэ уиагъу мин 63-м щIигъур зыщыпсэуи ямыIэу кьэнащ.

ЦIыху зыкъом хэкIуэдащ, нэхьыбжыр хьыбарыншэщ. Псыдэм гектар минищэхэр Iисраф зэрищIам кьэралыр егъэгъуэзэ.

ООН-м жиIащ КНДР-м зэрыдэIэпыкъунур. Апхуэдэу и гъунэгъум зыщIигъэкъуэну хьэзырщ Корее Ипщэри. Ауэ япэ щыкIэ абы щIэлъэIун хуейщ Пхеньян.

Зауэр имыуахами...

Ливаным щекIуэкIащ цIыху мин 500-м нэс зыхэта пэкIу.

Ар зэхуэсат Израильмрэ Ливаным и «Хьизбалыхь» зэгухьэныгъэмрэ яку кьыдэхьуа зауэ Iуэхуэхэр зэриухэрэ илъэс зэрырихьум и саулыкъукIэ. Ливаным щыщ куэдым кьалъытэ зауэм «Хьизбалыхь» зэгухьэныгъэр щытекIуауэ. Пэжщ, езы зауэ Iуэхуэхэр иджыри нухауэ жыпIэ хьунукъым. Абы и щыхьэтщ Ливаным и правительствэм и дэхэмрэ боевик зэмылIэужьыгъуэхэмрэ зэрыпэщIэтыр.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

ЩыщхьэIум и 16, *махуэку*

◆ Псэущхьэ екIуэлIапIэнщхэм я дунейпсо махуэщ.

◆Бишкек (Кыргызыз) щыIэ Iущ Iэнущ ЗэдэлэжьэныгъэмкIэ Шанхай зэгухьэныгъэм (ШОС) хэт къэралхэм я Iэтащхьэхэр. Абы Iэ щытрадзэнущ ЗэгъэнэгъуфIу зэхущытыным, зэныбжьхэгъэщ, зэдэлэжьэным теухуа пIалъэ кIыхь зэгурыIуэныгъэм.

◆ Илъэси 105-рэ и пэкIэ къаблъхуау тхыдэ щIэныгъэлI, этнограф, археолог, щIыпIэхэр зэзыгъэщIыху, Тибетыр зыдэжь, Индием илъэс 30-м щIигъукIэ щыпсэуа Рерих Юрий (1902 - 1966).

◆ Илъэс 350-рэ и пэкIэ лIащ Украинэм и гетман, украинхэр щIэхэтэ пщылIыгъэм къыщIэкIынкIи теухуауэ 1648 - 1654 гъэхэм иригъэкIуэкIа щхьэхуитщIыжьэкIуэ бэнэныгъэм и унафэщI Хмельницкий Богдан (1595 - 1657).

◆ Илъэс 20 и пэкIэ лIащ театрымрэ киномрэ я актер, РСФСР-м и щIыхубэ артист Миронов Андрей (1941 - 1987).

◆ 1902 гъэм кьалъхуащ адыгэ тхакIуэ, СССР-м и Къэрал сауГъэтым и лауреат КIэрашэ Тембот. 1988 гъэм лIащ.

◆ 1919 гъэм кьалъхуащ адыгэ композитор, УФ-мрэ Адыгеймрэ я щIыхубэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Тхьэбысым Умар. 1996 гъэм дунейм ехыжащ.

◆ Щыщхьэ1ум и 16-рэ дакьикъэ 12-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъи 10-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъэ сыхьэт 13-рэ дакьикъэ 58-рэ.

Щыщхьэ1ум и 17, *мэрем*

◆ Индонезие Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1945).

◆ 1771 гъэм императрицэ Екатеринэ ЕтIуанэм къэбэрдей адыгэхэм щIыхь тхылъ къритащ.

◆ 1928 гъэм кьалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, Адыгей къэрал университетым и профессор, ЩIДАА-м и академик Тхьэрыкъуахъуэ Юнус.

◆ 1942 гъэм кьалъхуащ уэрэджьIакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист Магомаев Муслим.

◆ Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэт 6-рэ дакьикъ 13-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъи 9-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъэ сыхьэт 13-рэ дакьикъэ 56-рэ.

Пдзэзэр зыгъэхъуэрэр **ШАЛ Мухьэмэд.**

ПЛъэпкъ щыщIэ

Гугъэрэ зэрэ щIэинщ.

●Дыгъуасэ

Шорэ Хьэйсэм урысей паспорт ират

Куэд щIауэ я адэжь лъахэм кьыхуопабгъэ дунейм и щIыпIэ куэдым щикъухьа адыгэхэр. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зи хъуэпсапIэр ззыгъэхъулIэфыр закъуэтIакъуэхэщ. Мы Iуэхум сэбэп зэрыхуэхъуа щыIэкъым лъэхъэнэщIэри, «гъуэгур зэIуха хъуащ» жаIэурэ, хэхэс Iэджэр кьулыкъуэхьэхэм мызэ-мытIэу зэгъэгуфIа пэтми.

Ауэ, зэрыхабзэщи, ерыщу зи лъахэм кьыхуеIэхэр гува-щIэхами я мурадым лъэIэсыф. Абы и щапхъэщ Сирием, Тыркум, Иорданием кьикIыжу адыгэ миным щIигъу Налшык кьыззрыкIуэжьфар, я Iыхьлыхэм кьаззрыхэтIысхьэжьфар.

ДЫГЪУАСИ федеральнэ миграцIэ Iуэхущапи1эу Налшык дэтым Урысейм и паспортыр щратащ Сирием къикIыжу къыгъэхьэжа ди лъэпкъэгъуэ Шорэ Хьэйсэм Мухьэмэд-Амин, зи ныбжьыр илъэс 27-рэ фIакIа мыхъуа щIалэ къыгъэхьэжа. Паспортыр щыIэщIилъхьэм абы и гуапэу екъуэхъуащ зи гугъу тщIа Iуэхущапи1эм и унафэщI Сокъур Олег.

- Дэ тхузэфIэкI псори долэжь, къытхуеблэгъэж ди лъэпкъэгъуэхэр зыхуеину дэфтэрхэмкIэ лъэпощхьэпо хэмылъу къызздгъэпэщыпи папщIэ, - къыджиIащ Сокъурым. - Мы гъэм и япэрей илъэс ныкъуэм ди республикэм къитIысхьащ гъуэгу щIыналъэхэм щыпсэухэм (куржыхэм, азербайджанхэм, ермэлыхэм, нэгъуэщIхэми) ящыщу цIыху 441-рэ. Абыхэм зыхуеину дэфтэрхэр ядот мазэрэ ныкъуэм - мазитIым кьриубыдэу. Ауэ адыгэ хэхэсхэр урысей паспортым пэплъэн хуей мэхъу илъэсих-блыкIэ. Сыт щхьэкIэ? Ди къэралым и лаборэхэм ахэр кьызэралъытэр хамэ къэрал жыжьэхэм кьиIэпхъуныкIыщ. Нобэ ди къэралым и граждан хъуа Шорэ Хьэйсэми зыхищIащ апхуэдэ гугъуехьыр. Ар нобэрей къэхъугъэм щыгугъащ илъэсихрэ ныкъуэкIэ.

Апхуэдэу зэкIэ щыт пэтми, адыгэ хэхэсхэр нэхъыбэу ди лъахэм кьешэлIэжьыным, ахэр зыхуей хуэгъэзэным хуэунэтIауэ къэрал унафэ, программэ щхьэхуэхэр зэрыщыIэр кьэпльытэмэ, дыщыгугъ хъунущ мы Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зихъыжьыну, захуагъэ иэсыр ди щIыпIэми щызэтеувэжыну.

ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбий.

Законым емызэгъыу яхъумэ Іэщэр, щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэр, Іэщэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшыпхэр цІыхухэм езыхэм я арэзынигъэ хэлъу ятын и лъэныкъуэкІэ Іэщэм зыфІащауэ Іуэхугъуэр етъэкІуэкІыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм шыщхьэІум и 10-м ***№204-ПП***

Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ и министерствэм 2007 гъэм шыщхьэІум и 2-м кьищта Унафэ №532-м илъэ иттІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Урысей Федерацэм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур щагъэльэпІэну икІи Къэрал Думэм хэхьиным зыщыбыуагъэхьэзыр лъэхэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр мамыру щытынымрэ кьызэгъэпэщын, профилактикэ Іуэхугъуэхэр сэбэн нэхъыбэ къахьу егъэкІуэкІын, законым емызэгъыу яхъумэ Іэщэр, щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэр сэтей къэщІын икІи къаІэщІэхын и лъэныкъуэкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьигъэр егъэфІэкІуэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ:**

1. Законым емызэгъыу яхъумэ Іэщэр, щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэр, Іэщэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшыпхэр цІыхухэм езыхэм я арэзынигъэ хэлъу ятын и лъэныкъуэкІэ «Іщэ» зыфІащауэ Іуэхугъэр 2007 гъэм шыщхьэІум и 15-м щыщІэдаэуэ фокІадэм и 15-м нэсыху егъэкІуэкІын.

2. Я арэзынигъэ хэлъу ята Іэщэм, щэхэм, къагъауэ пкъыгъуэхэм, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэм, Іэщэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшыпхэм пэкІуэу ятыну ахъшэр зыхуэдизыр къыщтэн.

3. Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм (Томчак Ю. И.) чэнджащ етын:

законым емызэгъыу яхъумэ Іэщэр, щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэр, Іэщэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшыпхэр тын зэрыхуейм и Іуэхугъуэр зэрыгъэкІуэкІыну щыкІэм теухуа пропагандэр цІыхухэм я деж нэхъ зыгуфІыгъуэ щагъэнэфынкІэ, законым емызэгъыу яхъумэ Іэщэр, щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэр, Іэщэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшыпхэр езыхэм я арэзынигъэ хэлъу зыт цІыхухэм щэсэпІэхэм теухуа зэрылажьэ законодательствэм кьыщыхьа Іуэхугъуэхэм гульытэ хэха хуащІкІэрэ;

законым емызэгъыу яхъумэ Іэщэр, щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэр, Іэщэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшыпхэр зы цІыхухэм ехьэлІауэ щэлъмэ, ахэр зыт цІыхухэр хэІущІыкІу мыхъунэр, апхуэдэуи уголовнэ жэуапым емышІэлІэным пыщІа Іуэхугъуэхэр зэрылажьэ законодательствэм ткІийуэ тету псынщІэу зэфІэкІынымр, ята Іэщэфащэм пэкІуэ ахъшэр ятынымр кьызэрагъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансэхмкІэ и министерствэм (Бышэн А. А.):

законым емызэгъыу яхъумэ Іэщэр, щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэр, Іэщэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшыпхэр я арэзынигъэ хэлъу зыта цІыхухэм иратыну ахъшэм и кьыхэкІыпІэу гъэувын хуейр 2007 гъэм республикэ бюджетым «Лъэпкъ шыналъэ ушыгъэнымрэ хабзэхъумэ лэжьыгъэмрэ зыкъуиІэ и Іыхьэм кьэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ органхэр» зыкъуиІэ и Іыхьэ къуэдзэм щыхуахаа ахъшэр;

Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм ахъшэ хухиухьи хуейщ Іэщэр, щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэр, Іэщэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшыпхэр езыхэм я арэзынигъэ хэлъу зыта цІыхухэм ирагъэкІуэн ахъшэм и кьыхэкІыпІэу гъэувын хуейщ 2007 гъэм республикэ бюджетым «Лъэпкъ шыналъэ ушыгъэнымрэ хабзэхъумэ лэжьыгъэмрэ зыкъуиІэ и Іыхьэм кьэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ органхэр» зыкъуиІэ и Іыхьэ къуэдзэм щыхуахаа ахъшэр;

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэм (Бышэн А. А.) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм ахъшэ хухиухьи хуейщ Іэщэр, щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэр, Іэщэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшыпхэр езыхэм я арэзынигъэ хэлъу зыта цІыхухэм ирагъэкІуэн ахъшэм и кьыхэкІыпІэу гъэувын хуейщ 2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм ахъшэ хухиухьи хуейщ Іэщэр, щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэр, Іэщэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшыпхэр зыкъуиІэ и Іыхьэ къуэдзэм щыхуахаа ахъшэр;

6. Мы унафэр гъэзэщІа зэрыхъуэ кІэтхьыпІунхэр и пщэм дэлъхьэн къэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Томчак Ю. И.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ЯРИН Андрей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм шыщхьэІум и 10-м ищІауэ Унафэ №204-ПП-мкІэ къыщтащ

Езыхэм я арэзынигъэкІэ ята Іэщэм, щэхэм, къагъауэ пкъыгъуэхэм, къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэм, Іэщэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшыпхэм пэкІуэу цІыхухэм ират ахъшэр зыхуэдизыр

№№ П.П.	Іэщэм, щэхэм, къагъауэ пкъыгъуэхэм зэреджэр	Дэтхэнэ Іэщэфащэ лІэужьыгъуэм щхьэкІи ахъшэу иратыр зыхуэдизыр, сом
1.	Пистолет, револьвер	5000
2	Автомат	6000
3.	Пулемет	7000
4.	Подствольный гранатомет ГП-25, ГП-30	8000
5.	Гранатомет РПГ-7, 7В, 27	10000
6.	Зэ гъуэзэнуэ гранатомет РПГ-18, 22, 26, 27,	9000
7.	Фоч СВД	7000
8.	Пистолет-пулемет	6000
9.	ЗэрыщащкІуэ карабин	5000
10.	Зи кур джафэ зэрыщащкІуэ фоч	3000
11.	Газ пистолетэхэр, револьверхэр	1000
12.	ІэрыщІу ящІа пулеметхэмрэ пистолет-хэмрэ	4000
13.	Къагъауэ пкъыгъуэхэр (тротил, аммонит, гексоген, н.) зы граммым	4
14.	Къызэрагъауэ Іэмэпсымэ (ВВ, СВ зыхэт Іэмэпсымэ)	3000
15.	Къызэрагъауэ Іэмэпсымэхэр (электродетонатор, капсюль-детонатор, къызэрагъауэ-зырызэрэ къащта бжьыгъэкІэ, мафІэ, электричествэ зэрыкІуэ Къэбэрдей-Балъкъэр - метр бжьыгъэкІэ) зым хуэзэу	100
16.	Танк зэракъутэ зэрагъакІуэ ракетэ	5000
17.	Огнемет РПО-А	6000
18.	Гранатометкэ зэрыщащ шэр (ВОГ-30, 25, 25П)	3000
19.	Гранат (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-ЗЕМ, РГ-42)	2000
20.	Инженер лагъым (сапер лагъымхэр)	1000
21.	Іэщэм и щэхэр, зы къуэзэу	10

ЛІэщІыгъуэ ныкъуэ дэкІащ абы льандэрэ. Урысейм дыз эрыгухьэрэ, кІуэщ дыз эрыхьэхьуфэ илъэс щиплІ щрикъуэ 1957 гъэм къэбэрдей-балъкъэр литературэмрэ гъуэзджэмрэ я лэжьакІуэхэр а махуэр щагъэльэпІэну Мэзкуу нэкІуауэ щытащ. Абы щыгъуэ мазэ бжьыгъэ фІэкІа кьытхуэмынэжауэ адыгэ щІалэгъуалэ гуп Мэзкуу дэт ГИТИС-м дышеджэгъ. Абы къуэрэхьэзыраузэ дэ спектакль зыбжанэ диІэ т. Абыхэм щыщу спектаклитІ къдгъэльэгъуэну, декадэм дэри дыхэтыну кьыщыджаІам, егъэлеяу ди гуапэ хьуауэ, дыщыгуфІыкІауэ щытащ. Къэдгъэльэгъуэну комиссэм кьыхихэр урыс драматургэ цІэрыцІэ Розов Виктор и пьесэ «Гъуэгу маху эмрэ» Мольер и пьесэ «Жорж Данденымрэ» кьытращыкІа спектаклитІырт. А гулытэ кьытхуащІам ди гукъыдэжьыр кьызэщІитэуэ, Мэзкуу нэкІи ди къуэшхэм даІущІащ, едгъэблэгъащ, пщІэ яхуэтщІащ, кьалэм нэхъ щыпІэ дахэу иІэхэр едгъэльэгъуащ, я зы концерти блэдмыгъэкІыу деплъащ. Адыгэ театрым Мэзкуу ящауэ щытащ Шортэн Аскэрбийрэ «ИгъащІэкІэ» зыфІища пьесэр, Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэр», Гоголь и «Ревизорыр», ШхьэгъэпсО Мухьэмэд и пьесэ «Пэмашэ и бынунагъуэр». Мы пьесэ теплъыдэхэм кьытращыкІа спектаклхэм хэта ди артист псоми мэзкудэсхэр гуапэу кьаІущІащ, Іэгуаущхэу хуаІэтащ. Ди къэфакІуэхэмрэ уэрэджыкІауэхэмрэ зыхэта концертхэри гукъынэжу екІуэдащ. Псом хуэмыдэу «Кабардинкэм» зыщамыгъэнщІу епльащ. Плъагъуну гуапэт къэрал унафэщІэхэми, щэхабзэм и лэжьакІуэхэми, Мэзкуу и хьэщІэхэми, зэгъэфІэхэм ди республикэм пщІэуэ кьыхуащІар, ди тхакІуэхэмрэ, артистхэми, сурэтыщІхэми саугъэту, дамыгъэ льапІэу кьыхуагъэфэщар, щытхъуэр хьуэхьу тхыгъэу газетхэм, журналхэм кьыгетхуар. Ди деж чэзуэр кьыщыкъам, дэри тльэжьэ къэдгъэнакъым. Мэзкудэсхэм, псом хуэмыдэу абы щеждж адыгэ студентхэмрэ щыпсэу ди льэпкъэгъуэхэмрэ, ди спектаклитІри хуабжьу ягу ирихьащ. Декадэр кьыІэзыгъэтэщакъэмрэ зыгъэжьэзыфахэмрэ я унафэщІ ткІийуэ щыта композитор щІэрыІуэ Мурадели Вано, дытемыгушхуэуэр, дышынапэурэ, ди гуфІэгъуэм фыхэдгъэхьати, нэхъри тхуэвгъэщІэн, тхуэвгъэбжьыфІащ, насыпыфІэ фыхьу кьыщыджІам, кІуэзракъэ, дыльэтэнут...

Декадэр кьызэрызэІуаха концертымрэ зэрызэхуащІжамрэ. Абы теухуауэ тхыльыщхьэхуэ птхы хьунущ... Сэ си щхьэжІэ абы и пэкІи спектаклэ псори, тельыджэ кьыСщыхуа псори зыми щыщтэкъым а махуищым гухэхъуэгъуэу сльэгъуамрэ сызэрыгуфІамрэ ельытауэ. Сыстуденту «За трудовое отличие» медалькІэ кьызэрыгъэзащІэдам а махуэкэр сэ нэхъри льапІэ, гукъинэж сщищащ. А гуфІэгъуэм кьыдыхэтахэм щыщу ди театрым актеру щылэжьэжьыр сэ зыраш. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди артист нэхъыжьхъэм я мызакъуэу, Мэзкуу щыІахэм ящыщ тхакІуэ, къэфакІуэ, уэрэджыкІуэ, сурэтыщІ куэд дунейм ехьажащ... Ауэ Урысейм хуэтщІа льагъуныгъэр нобэми-ныжэбэми псэущ, ар кІуэ пэтми нэхъ быдэ, нэхъ кьабзэ, нэрылъагъу мэ хуэ.

Ди ЗЭНЫБЖЬЭГУГЪЭМ зэкъуэтыныгъэ дахэм и ныжьыр илъэс 450-рэ щрикъу махуэшхуэм хуэгъэпсауэ нобэ ди республикэм щекІуэкІ зэхьэжьыныгъэхэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхуфбэр щыттльагъуКІэ ди гур хохьуэ, ди льэри нэхъ жан мэхъу... Феплыт Налшык кьалэм зэрызиужьам, и кьабзагъэ, и дахагъэ хьуам! Феплыт абы унэщІу щаухуэм, и гъуэгуэр зэрефІэкІыжьам, щхьэнтІагъэм зэрыщІигъэнам... Ди зэныбжьэгъугъэ дгъэльэпІэну дахэу зэрыдгъэхьэзырыр гулъытэр дэнэкІи щыбольагъу. Зы щапхъэ закъуэ кьэхъыну сыхуейт. 2007 гъэм ди зэкъуэгъэкІын куэд уху ящІыгъэ щІэхэм хальхьэн папщІэ фе-

"Гъуэгу маху" спектаклым (Розов Викт ор и пьесэм хэтыкІыкІам) щоджэгу Срыкъуэ Хьэмщ1асэ, Мэкъуауэ Николай, Мысостышхуэ Пщы-зэбийр, Къуэдзокъуэ Хьэсэн сымэ.

Гум имыуж махуэхэри, гукъыеуэкэри, хьуэпсапІэкэри

деральнэ ахъшэу мелардитІрэ мелуани 188-рэ кьыпхуатІыпщащ. Абы и закъуэ! ЗэхъуэкІыныгъэ дахэу нобэ ди деж щекІу экІ псоми Урысейм и мылъкуи, и чэнджэщи, и жэрдэмэ хьыбольагъуэ. Дэтхэнэ Іуэхуфбэм ди унафэщІэхэм, ди Президент гуащІафІэ Кьаныкуэ Арсен я фІыщІэшхуэ хэлъщ. Псальэм папщІэ, хэт зымыщІэр, зымылъагъуэ иужьрей илъэс 15-м щыІуэхэр ныкъуасныгъэ зэтрихьар хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ зэрыхьуар, ди экономикэм зэрызиужьщыр, хьэрыфтыщІэхэм я гупэр кьызэрытхуагъэззэжыр, Іуащъхьмахуэ дэкІ кІапсэ гъуэгуцІэм лэжьэн зэрыщІидзар, ди стадионымрэ ипподромымрэ я дахагъэри, я теплъэри, я лэжьыгъэри зэрефІэкІуар, ди цІыхубзм абы-хэм гухэхъуэгъуэу щагъуэтыр. Ди республикэм щІидагъэу тонн мелуан щэщІ гъэтІылъыгъэу иІэу кьыдэзрахтар, мэкъумэщым, щым, Іащхэм я хьерри, я хэхъуэрэ кьэІэтыжа хъун щхьэкІэ лэжьыпхъэхэр зэраубзыхуар... А псоми щыгуфІыкІын, гъэщІэрэщІауэ щІыхубзм, псом хуэмыдэу кьуажэдэсхэм яжеІэн хуейщ. Гульытэм, псальэ гуапэм льэр нэхъ щІегъэкІ, гушхуэныгъэ кьыпхельхьэ. Щы Іэщ Іейрэ щыуагъэрэ фІэкІа зы-мылъагъу щІыу. А хьэл мыгуэм, уз бзаджэм хуэдэу, щІыхур зэрегъэкІуэкІ, егъэщхьрыуэ, унафэщІэхэм я мурадхэр ягъэззэщІэныжькІэ зэрарыншхуэ мэхъу. Абыхэм я ягу ирихьакъым Кьаныкуэ Арсен властыр зыІыгъахэм я зэхъуэдитІыж нэблагъэр зэрыгъэзэрихьэгъэ. Ауэ кьылыкъуэ тхъапІэрэ щхапІэрэ зыхуэхьуаэр, псом я щхьэр щІыхурауэ зэрыщытыр зыщІагъупщащэр, абыхэм я льэІури я пщІэри кхъымы дзэжьэр зэрыІуагъэкІар щІыхубзм даІыгъ кьыдей мыхъу, я гуапэ дыдэщ. Иджы Президентыщ Іэм а унафэм щІэтхэм текІ имыІэу я кьалэнхэр ягъэззэзэрыІэзэпэжьыжьэр, абыхэм дзыхь зэрызэхуамыщІыр кьыІэзнэкІыныр, граждан жылагъуэм зегъэужьыныр.

Си гуГъэмкІэ, псом кьагурогуІэ я кьалэнхэр зэрызэпыщІар, ахэр зэгъусэу гъэззэщІэн зэрызыуейр. Ауэ, Урысейм рэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я зэпыщІэныгъэм, я тхыдэм теухуауэ ди Президентым жиІаХэми арэзэу утемыкъуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Ауэ Урысейм рэ дэрэ ди зэпыщІэныгъэхэр лъэ хъэзэ зэпыщІэжьыгъуэхэм зэхуэмыдзу щытащ. Ауэ, дауэ мыхьуами, зэманым ди кьигъэльэгъуащ лъэхъ 450-рэ и пэкІэ ди адэ жьхэм Урысейм гъуэз зэрызысуищІар зэрыгубзыгъагъэр. А зэпыщІэныгъэм и юбилейр ди республикэм исхэми Урысейм и цІыху псоми я деж кІэ гуфІэгъэ зэщхэу хьуну кьызэолытэ»... Дэри абы щэч кьытетхэркъым. Ауэ сигу кьоуэ ди псэукІэ хьуам, ди гъащІэм, а гуфІэгъэщхэу дызыпсэпльэм теухуа спектаклыщІэ, кино, тхыгъэ купщафІэ мы махуэхэм зэрыдмылъагъуэр, иллъэс щэ мыкъуэ и пэкІэ а юбилеим теухуауэ Мэзкуу ящауэ щыта спектаклхэм щыщ дызэримыІэжьыр. Къэрал унафэхэр гъэззэщІа хъунымкІэ, ахэр цІыхубзэм я деж нэхъэсымыкІэ дэІэпыкъуэгъущхуэщ театрри кинори. АгІэ, Адыгей телевиденэм, а республикэм и еджагъэшхуэхэм, и хьэрычэтыщІэхэм зэгъусэу траха фильм тельыджэ «Черкесия» зыфІащам хуэдэ гуэр юбилейм т ещхуэуэ дэ зэрыгъэзэжьмыгъэхьэзырам и щхьэусыгъуэр къэщІэгъуейщ. Ауэ а ныкъуасныгъэхэри гъэззэкІуэжа хъуну дыщыгугъунщ. Апхуэдэ гугъэ дегъэщІ и хъуэпсапІэхэм теухуауэ «Адыгэ псалъэ» газетыр игьжьыбгъэ щеупщам Президентым кьыжриІа мы псалъэхэм: «Сэ сыхуейт зызыужьа экономикэ зиІэ, зыгъэгъэсэну, зыгъэгъэщІэгъуэну, щхьэж и зэфІэкІым теухуауэ щеджэ, щылажьэ, зэчиифІэхэм я зэфІэкІ псори щыпхъагъэкІыф республикэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр хъуауэ слъагъуну. Си къулыкъым сызэрыпсэрытыну пІалъэм кьыгубыдзэу сэ абы сыт и Іыхьэ? Хьущхьэ Татьянэ, Арбатская Галинэ, Бреус Людмилэ, Мысост Людмилэ, Щоджэн ФатІимэ, Знеевэ Анжелэ, Пшэжьынэ Анжеликэ, Габароевэ Эммэ, Шуклецовэ Ольгэ, Синюковэ Лидие, Горельцовэ Светланэ, Аттоевэ Лизэ сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур щагъэльэпІэну махуэшхуэм ирихьэлІэу Налшык и зыгъэпсэхуэпІэхэр хуэхьэзырщ УФ-м хамэ къэралхэм кьыкІа хьэщІэхэр къраГъэблэгъэну.

ПОЛИЦУКИван.

● ЗыгъэпсэхугъуэР

ХьэщІэхэм хуэпэж

ГЪЭМАХУЭ хъэс урысей радиомрэ телевиденэмрэ еш ямыщІэу ди цІыхухэр Тыркум, Мысырым, Кипрым, нэгъуэщІ хамэ къэралхэм зыщагъэпсэхуну ираджэ. Кьыпщохьу хъыбарезыщІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр ди къэралым, абы и кьуеиГъэ псоми щымыгуаззэу. Ауэ Урысейм и цІыху куэдым фІы дыдэу яцІыхуэ я хэкур, икІи ящыгъупщакъым зыщыбгъэпсэхуну, уи узынщагъэр щебгъэфІэкІуэжыну щыпІэхэр я къэралым зэрыщІэр: Сочи, Анапэ, Кавказ Ищхъэрэм и псы хущхьуэ кьыщІэжьыпІэхэр, ильэс бжьыгъэкІэ союзпсо курорту кьалъытэу щыта Налшык. 2007 гъэм Налшык и санатор ди псоми зыгъэпсэхуакІуэхэр кьыратэблагъэу я лэжьыгъэм щІадзэжащ. Икіи совет зэманхэм хуэдэуи, кьалэ паркым, Долинск и гуэлхэм щыпІэ зэхуэмыдэхэм кьыкІа зыгъэпсэхуакІуэхэм уащыхуэзэ.

Зи цІэр фІыкІэ Урысейм щыІуа «Псей щхъуантІэхэр» санаторэм мы гъэм цІыху куэд щызэблокІ. Мыбы зыщызыгъэпсэхуэхэм икіи зи узынщагъэм щыкІэлъызыгъэлъхэм, Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм я мызакъуэу, Урысейм и адрей хэгъэгухэм щыщхэри яхэтщ. «Псей щхъуантІэхэм» щыІэщ Москва, Саратов, Волгоград, Воронеж, Санкт-Петербург, Мордовием, Смоленск, Ханты-Мансийск, Петропавловск-Камчатский кьыкІа хьэщІэхэр. Зи зыгъэпсэхуГъуэ зэманыр мыбы щызыгъакІуэхэм яхэтщ хамэ къэрал щыщхэр.Ахэр Белоруссием, Украинэм, Израилым, Америкэм и цІыхухэщ.

«Псей щхъуантІэхэр» узыфэ куэдым щеІэзэ, унэтІыныгъэ зыбжанэ зиІэ санаторэщ. Гуапэу, гупыматэ иІэу цІыхухэм ябгъэдэт Джыназ Шэман зи унафэщІ гупым я лэжьыгъэм ехъулІэныгъэхэр щалэщ. Абы и щыхьэтщ санаторэм зыщызыгъэпсэхуэхэм я фІыщІэ псалъэхэр, кьыкІэлыкІуэ ильэсми кьызэрытрагъэззэжыр.

Смоленск щыщ Лихачевэ Татьянэ фІыщІэ яхуещІ санаторэм и лэжьакІуэхэм, гудзакъэ яІау я Іэнатіэм зэрыбгъэдэтым, и узынщагъэ иригъэбгъэкІуэжьныжьмкІэ дэІэпыкъуэгъуэ кьызэрызэхъуэм папщІэ.

Абы и псалъэхэр дАыгъ Гроэнко кьыІэм щышхэу Мукажевэ Зулай, Оздемировэ Роэз, Саудуловэ Мадинэ, Эльмурзовэ Тамарэ, Исаевэ Зирет сымэ.

Воронеж дэт Лесотехническэ академием и профессор Панков санаторэм зыщызыгъэпсэхуэхэм ар кьаззэрыщыхъуар кьыщыдгъэльагъуэ тхылъым мыпхуэдэу иритхащ: «ПщІэ зыхуэсщІ Шэман Магомед и кьуэ, санаторэм и лэжьакІуэхэ! Си гум кьыбгъэдэкІыу фІыщІэ фхузощ фи лэжьыгъэр тэмэму зэтеублагъэ зэрефьэкІымкІэ. Тхьэм фитыгъэсэу! Сэ фи деж щІадзэ сыкъокІуэ, сытым дежи зыщыгъэпсэхуну, си узынщагъэр щезгъэфІэкІуэну фи льэныкъуэмкІэ сыкъыхуеІэу щытщ».

«Псей щхъуантІэхэм» зыщызыгъэпсэхуэхэм псом хуэмыдэу фІыщІэ хуащІ абы и лэжьакІуэхэу Кьущъхьэ Татьянэ, Арбатская Галинэ, Бреус Людмилэ, Мысост Людмилэ, Щоджэн ФатІимэ, Знеевэ Анжелэ, Пшэжьынэ Анжеликэ, Габароевэ Эммэ, Шуклецовэ Ольгэ, Синюковэ Лидие, Горельцовэ Светланэ, Аттоевэ Лизэ сымэ.

Кьэбардей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур щагъэльэпІэну махуэшхуэм ирихьэлІэу Налшык и зыгъэпсэхуэпІэхэр хуэхьэзырщ УФ-м хамэ къэралхэм кьыкІа хьэщІэхэр къраГъэблэгъэну.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● КъБР-м и МВД-м къет

Гъуэгубгъу сатур ядэнукъым

ИУЖЬРЕЙ зэманым зиубгъуащ «Кавказ» федерал гъуэгу Іуфэм мэкъумэшхэкІхэмкІэ сату щыщІыныр.

Федеральнэ гъуэгум декІуэкІыу зыхуей хуэза сату щыпІэхэр (Аруан, Арщыдан), бэзэр щІэкІуэкІ (Старэ Урыху, Старэ Шэрэдж, Арщыдан кьуажэхэм) щыІэми, мэкъумэщыщІэхэм я хадэжкІри пхъэщхьэмыщхьэри гъуэгубгъуэм зэрыщащынм хущІокІу, абыкІэ езыхэми гъэзгум тетхэми щынагъуэ ирату.

КъБР-м щыІэ МВД-м цІыхухэр щыгъуаз ещІ кьуажэхэм дэмыльэ автомобиль гъуэгу Іуфэхэм зыгъэр щыщІнэр, ар гъуэгу Іуфэм Іут сату щыпІэу щымытмэ, хабзэншагъэу зэрыщытымкІэ нкІи абы папщІэ административнэ кьуэдзы зэрытратьхьэр.

- кьызэрыгъэкІ цІыхухэм - лэжьапщІэ нэхъ мащІэ дыдэм (МРОТ) хуэдэ 3-м щыщІэдзауэ 10-м нэс (сом 300 - 1000);

- кьулыкъущхьэм - апхуэдэ щыІэм и 10-м щыщІэдзауэ 20-м нэс (сом 1000 - 2000);

- юридическэ лицохэм - 50-м щыщІэдзауэ 100-м нэс (сом 5000 - 10000).

Хабзэр кьызэпаудэ «Кавказ» федерал гъуэгум и гъэнэфыгу сату щыІэм хуэдэнукъым.

ВЭРОКІУЭ Залым,
потребитель рынкым хабзэр кьыщыхэлъытэуэм ебгъэныкъмкІэ МВД-м и кьудамэм и унафэщІ.

Нрахужьыми, жьыкъэ нэсахэкъым

АУШЫДЖЭР дежи кьыщыщІэж псы хуабэм кьажІуэр ди республикэм щІэн сэухэм я закъуэкъым, атІэ ар щыщІэрыІуэщ ди хьэщІэхэм я дежи. Махуэ кьэс мыбы я узынщагъэр щрагъэфІакІуэ турист пщІы бжьыгъэкІэ, хэти езым и автомашинэкІэ. ХьэщІэхэрщ щэпхъаджащІэм нэхъыбэу зэ ящащІр.

Апхуэдэу, Шэрэдж муниципальнэ округым щыІэ ОВД-м и лэжьакІуэхэм блэкІа зыгъэнсэжу гъэ махуэхэм яубдащ щыпІэм щыщ цІыхухэр, нэхъапэм суд зытращыхьауэ щытар. Абы ирихужьат УАЗ-31519 автомашинэр, ауэ метр 500 нэхъыбэ имыкІуу щхьэпридзащ. Насып яІэти, цІыхухэм фэбжь ягъуэтакъым, ауэ автомобилыр хуабжьу зэхахьутащ. БзаджащІэр яубдащ зеумысыж.

Налшык кьалэ и І-нэ ОВД-м и лэжьакІуэхэм кьызэпаудащ аргуэру зы автотранспорт ирахужьынкІэ. БзаджащІэм «и нэм кьыфІэнар» республикэ санэпидемстанцым и гъущІъавэм и «Опель-Астра» автомашинэрт. Ар ирихужьат пэмыжьыжьэу щыІэ автомашинэ тхъэщІыпІэм и лэжьакІуэм икІи, зэрыяиІэнкІэ, кьрижьыкъым кьудейуэ арат. АбыкІэ зауэкжжІкІэ зэрІэкІынукъым, сыту жьыпІэмэ щІэпхъаджэм кьыдэкІуэу, а автомашинэмкІэ Ърмокъуэм и органэм зауэгъэзащ. Зыщыжьыгъэгъупщэ, хабзэхъумэхэм хьыбаг евгъэщІэху, фи мыпкъыр кьэвгъуэ тыжьыныкъ щэсыпІэрэ нэхъыбэ мэхъу.

Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапэ.

● Нэхъыжьхэм я щапхъэ

Пенси и ахъшэр гуфІэгъуэ

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Прохладнэ куейм хабзэ щыхъуащ мы районымрэ Тарч щыпсалъэм и пенсионерхэмрэ зэгъусэу зэІуІэ ираГъэкІуэкІыу.

ПЕНСИОНЕРХЭМ я союзым и президиумым кьызэрилытэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъу лъэхъэнэр жэуапльныгъэшхуэ зыпльагъ Іуэхугъуэщ. Щы Іэщ Іейрэ щыуагъэрэ фІэкІа зы-мылъагъу щІыу. А ящІыгъэ щІэхэм я льэІури я пщІэри кхъымы дзэжьэр зэрыІуагъэкІар щІыхубзм даІыгъ кьыдей мыхъу, я гуапэ дыдэщ. Иджы Президентыщ Іэм а унафэм щІэтхэм текІ имыІэу я кьалэнхэр ягъэззэзэрыІэзэпэжьыжьэр, абыхэм дзыхь зэрызэхуамыщІыр кьызэнэкІыныр, граждан жылагъуэм зегъэужьыныр.

Си гуГъэмкІэ, псом кьагурогуІэ я кьалэнхэр зэрызэпыщІар, ахэр зэгъусэу гъэззэщІэн зэрыгъэжьыныр. Си гуГъэмкІэ, псом кьагурогуІэ я кьалэнхэр зэрызэпыщІар, ахэр зэгъусэу гъэззэщІэн зэрыгъэжьыныр. Ауэ, Урысейм рэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я зэпыщІэныгъэхэр лъэ хъэзэ зэпыщІэжьыгъуэхэм зэхуэмыдзу щытащ. Ауэ, дауэ мыхьуами, зэманым ди кьигъэльэгъуащ лъэхъэ 450-рэ и пэкІэ ди адэ жьхэм Урысейм гъуэз зэрызысуищІар зэрыгубзыгъагъэр. А зэпыщІэныгъэм и юбилейр ди республикэм исхэм Урысейм и цІыху псоми я деж кІэ гуфІэгъэ зэщхэу хьуну кьызэолытэ»... Дэри абы щэч кьытетхэркъым. Ауэ сигу кьоуэ ди псэукІэ хьуам, ди гъащІэм, а гуфІэгъэщхэу дызыпсэпльэм теухуа спектаклыщІэ, кино, тхыгъэ купщафІэ мы махуэхэм зэрыдмылъагъуэр, иллъэс щэ мыкъуэ и пэкІэ а юбилеим теухуауэ Мэзкуу ящауэ щыта спектаклхэм щыщ дызэримыІэжьыр. Къэрал унафэхэр гъэззэщІа хъунымкІэ, ахэр цІыхубзэм я деж нэхъэсымыкІэ дэІэпыкъуэгъущхуэщ театрри кинори. АгІэ, Адыгей телевиденэм, а республикэм и еджагъэшхуэхэм, и хьэрычэтыщІэхэм зэгъусэу траха фильм тельыджэ «Черкесия» зыфІащам хуэдэ гуэр юбилейм т ещхуэуэ дэ зэрыгъэзэжьмыгъэхьэзырам и щхьэусыгъуэр къэщІэгъуейщ. Ауэ а ныкъуасныгъэхэри гъэззэкІуэжа хъуну дыщыгугъунщ. Апхуэдэ гугъэ дегъэщІ и хъуэпсапІэхэм теухуауэ «Адыгэ псалъэ» газетыр игьжьыбгъэ щеупщам Президентым кьыжриІа мы псалъэхэм: «Сэ сыхуейт зызыужьа экономикэ зиІэ, зыгъэгъэсэну, зыгъэгъэщІэгъуэну, щхьэж и зэфІэкІым теухуауэ щеджэ, щылажьэ, зэчиифІэхэм я зэфІэкІ псори щыпхъагъэкІыф республикэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр хъуауэ слъагъуну. Си къулыкъым сызэрыпсэрытыну пІалъэм кьыгубыдзэу сэ абы сыт и Іыхьэ? Хьущхьэ Татьянэ, Арбатская Галинэ, Бреус Людмилэ, Мысост Людмилэ, Щоджэн ФатІимэ, Знеевэ Анжелэ, Пшэжьынэ Анжеликэ, Габароевэ Эммэ, Шуклецовэ Ольгэ, Синюковэ Лидие, Горельцовэ Светланэ, Аттоевэ Лизэ сымэ.

Къэбардей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур щагъэльэпІэну махуэшхуэм ирихьэлІэу Налшык и зыгъэпсэхуэпІэхэр хуэхьэзырщ УФ-м хамэ къэралхэм кьыкІа хьэщІэхэр къраГъэблэгъэну.

**ПОЛИЦУ

Экономикэ Кавказ Ищхъэрэ
Политикэ Жылагъуэ Іуэху
МАХУЭКЪ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

УФ-м Федерацэмкіэ и Советыр арэзы техъуащ Бастрыкин А. Генпрокуратурэм и Следственнэ комитетым и унафэщІу гъэувыным. Куэдыщ щогуть а комитетыщІэм пэжныгъэрэ ящІу.

